ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№154 (22.312) ● 2012 гъэм шыщхьэIум (августым) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adygeafa.ru

Кавказ Ищхъэрэм и турист IуэхущIапIэхэм электрокъарур къаймэщIэкIынукъым

«ЭЛЕКТРОКЪАРУР къэзылэжь Iуэхущ1апIэу иджыпсту Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэхэмрэ щIэуэ яхуэнухэмрэ нэсу кьыэзрагъэпэщынчущ Кавказ Ищхъэрэ турист кластерым хиубыдэ Iуэхущ1апIэхэр зыхуеинум хуэзыгъэ энергиекIэ. Планхэмрэ программэхэмрэ япэкIэ хамыгъэхьа электростанцыщIэхэр нухэм хуэй хъунукъым». Апхуэдэу иджыблагъэ журналистхэм яжриIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухэныгъэ зэIухам и генеральнэ директорым и къуэдзэ Мирзагулов Ростислав.

«Энергиер зыщIэ щIыналъэ компаниеиэхэм дыщепсальэм наIуэ къэхъуащ турист кластерыр зыхуеину электрокъарумкIэ абыхэм кьыэзрызэрагъэпэщынур», - кьыхигъэщхьэхукIащ абы.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухэныгъэ зэIухам и лЫкIуэм зэрыжиIамкIэ, мы щIыналъэм кьыщызэрагъэпэщыну турист кластерыр и лЪэщагъ псомкIи лажьэу щыхуеижьэну 2025 гъэм псори зэхэту кьиГъэсбольнур меговатти 170 - 200 хуэдизщ. Ар дэтхэнэ турист комплексми тещIыхьауэ меговатт 30-м щегъэжьауэ 40-м нэсу аращ. Ухуэныгъэхэр зэпэIэщIэу, щIыпIэ нэхъ пхыдзахэм щыIэу зэрыщытынур къэпльытэмэ, комплекс псори электрокъарукIэ кьызэзыгъэпэщыну электростанц щхьэхуэ пхуэхуэнукъым, дэтхэнэ комплексми папщIэ хэхауэ электростанц пщIыныи фейдэ пылъкъым.

«Иджыпсту къалэжь электрокъарур псоми яхурикъунущ, абы папщIэ ар курортхэм зэрырашэлIэну линэхэр якуэудин хуейуэ аращ. Ауэ щIымахуэм псыр нэхъ мащIэ зэрыхъур, абы кьыхэкIыу электрокъаруэ кьалэжьми зэрыкIэрыхьур къэплъытэмэ, нэхъ фейдэуэ щытынущ дэтхэнэ курортми углеводородхэм ирилажьэ электростанц мыинхэр щыхуэунэр», - кьигъэльэгъуащ Мирзагулов Ростислав.

«Турист кластерыр электрокъарукIэ кьызэрызэрамигъэпэщыфынум теухуауэ екIуэкI псальэмакъхэм лъабжьэ лъэпкъ яIэкъым. Адрей щIыналъэхэм электрокъарур кьыщызыгъэсабэпхэм Кавказ Ищхъэрэр зэран яхуэхъункIэ хъуну ирагъэкIуэкI псальэмакъхэри зыкIи кьеззгъыркъым», - кьыхигъэщхьэхукIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухэныгъэ зэIухам и унафэщIым и къуэдзэм.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Сабийхэр зыщIэхъуэпсхэр къевгъэхъулIэ»

КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и жэрдэмиц «Сабийхэр зыщIэхъуэпсхэр къевгъэхъулIэ» фIыщыуэ унагъуэ зэумыщIахэм я сабийхэм дэIэпыкуныр хабзэ зэрыхъуар. ПсалъэзыпыIть мы Iуэхум жыджэру зэгъэщIэгъуэн хуейуэ «Орифлейм» фирмэр, «Орешка» зыгъэпсэхупIэ центрыр, «Налшык» хьэлэз заводыр, нэгъуэщIхэри.

МИНИСТЕРСТВЭМРЭ зи цIэ кьитIуахэмрэ зэгъэусу къызэрагъэпэщауэ Налшык къалэ и «Долинск» зыгъэпсэхупIэм гуфIэгъуэ зэхьыхь щекIуэкIащ. Абы хэтащ КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бакъ Николай, я Iуэхущ1апIэм щылажьэ ЖилаГъуэ советым хэтI Шыкъ Заурбэч, КЪБР-м щIалэгъуалэм я IуэхущхьмкIэ и министр Хъыжьрокъуэ Сультан, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтI Котляровэ Марие сымэ, апхуэдэуи республикэм и район зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ сабийуэ 140-м нэблагъэ.

Гъэ къэси хуэдэу, щыкIуэкIэр уэрэдхэм ирагъэдIуащ, къагъэфащ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хагъэтащ, езыхэри усэ кьеджащ. Псом хуэмыдэу абыхэм ягу ирихьащ «Кураж» клоун гупыр.

Сабийхэм я хъуэпсапIэхэр Интернетым и сайт щхьэхуэм зэритрэ мазэ фIэкI мыхьуами, 20-м ейр нэхуапIэ яхуэхъуащ. ЗэрауфыхьамкIэ, сайтыр мы гъэр иужьхуэкIэ зэIухауэ щагъэтыну зэгурыIуащ.

- ЦIыкIухэр зыщIэхъуэпсхэм щыгъуазэ зыщIыпщIкIэ (зэрыджэгуну къуэпсыпхэр, компьютер, лъакъуэрыгъажэ, телефон), уолъагу ахэр зэрыгъэзэщIэгъуафIэр. Абы щхьэкIэ дызыхуейр гупльэтэ яхуэтIыпн кьудейрц. Пэжц, яхэтщ сабийхэм унагъуэр зыщIэхуэну унэ, и щыпхъу е и дэпльху цIыкIым дохутыр нэхъыфI дыдэ къеIэзэну хуейхэри. Апхуэдэ цIыкIухэм я хъуэпсапIэхэр кьайхулIэм папщIэ, республикэм и Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдзэхэр Iуэхум кьыхэшэн хуейщ, - жиIащ Котляровэ Марие.

Абы и псальэм кьыжигъащащ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ щIэнгъуаззэхэр зиIэну хуей хъуэджэбз цIыкIум и хъуэсапIэр езым зэрригъэззэщIэнур. Апхуэдэу щхьэж лъэкIынымкIэ цIыкIухэм гулъытэ зэрыхьурэ, щэч хэлъкъым сабий насипыфIэхэр нэхъыбэ зэрыхъунум.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Ди генерал яукIауэ жаIэ

Оппозицэм щыIэ Сирием и армэ щхьэхуитым и лЫкIуэхэм «Аль-Арабия» телеканалым зэрыжраIамкIэ, абыхэм урысей генерал яукIащ.

Властым и бийуэ зыкъхъыIэтахэм яукIауэ жыхуаIэр Сирием ЗыхьумэжыныгъэмкIэ и министерствэм чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу щылажьэ генерал Коджиев Владимирщ. Абы щыгъуэми телеканалым кьнгъэльэгъуакъым ди хэкуэгъуэм и хьэдэр. Оппозицэм щыIэхэм ягъэдалъэр генералым и удостоверенэрат. АрщхьэкIэ а псори пщIыуэ кьыщIэкIащ - Колжиевыр иджыпсту Мэзкуу щопсэу икIи лажьэ иIэкъым.

НэгъуэщI зы генерал яIэщIэкIуэдауэ яIэхъыбар Сирием и армэ щхьэхуитым хэтхэм. Зи гугъу ящIыр зэдзэкIаIуэу АикАхьмэдщ.

Мелардхэр хьэршым хокIуадэ

«Протон-М» къезыхьэкI ракетэр ягъэлъатэри, секунд зыбгъэр яхэль дэмыкIыу, ар яфIэкIуэдащ.

Абы пасэIуэу зыкъызэIунхащ икIи здынэсын хуейм иджыри пэжыжьэу хьэршым ихьащ. «Протон-М» ракетэ лIуэжьыгъуэр иджы етIуанэу ди Iэщ1агъэлIхэм яIэщIокI. Абы щыгъуэми дэтхэнэ зыми сом мелардихым щIигъу трагъэкIуэдащ икIи ар кьыщыхута щIыпIэм щызекIуэ спутникхэм жьхэзэгэнкIэ шынагъэщхъуэ щыIэщ.

Урысей космонавтикэм и Iуэхуэхэр кIуэ пэтми екIаIуэ эмытщ. Аэр США-м и Iэщ1агъэлIхэм куэдкIэ кьазэрыкIэрыхуам и щыхьэтщ америкэ стучникыр иджыблагъэ Марсым нэсауэ абы щытриха суэрэтхэр. ЩIым кьызэрыIэрихьэхэр. Дыдейхэм сом мелардхэр пщIэнщэу хьэршым хагъэкIуэдэ.

И лЫкIуэхэр кърешыж

Белоруссиемрэ Швециемрэ хуабжьу зэпыIеящ, Ар кьегъэльагъуэ лЪэныкъуитIми я лЫкIуэхэр зэрырашыжым.

Япэ щIыкIэ апхуэдэ лъэбакъуэ зычар Белоруссиерац. Абы идакъым и кьэралыгъуэм и уэгум Швециеи и кьуэхьлъатэм хуэзэу агитацэ тхылъымпIэхэр кьызэрыредзыхар.

Я лЫкIуэхэр ирашыжыну белорусхэм шведхэми хуагъэуваци. АбыкIэ тегъэщIапIэ ящIащ посольствэхэм ятеухуауэ Венэ кьыщащтауэ щыта конвенцэм и етIуанэ Iыхьэр. ПIальэу иратар щыщхьэIум и 30 пщIондэщ.

Белоруссиемрэ Нэгъуэщ1 къэрал IуэхуэхэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, лЫкIуэхэр кьрашыжа пэтми, Швециемрэ хуиIэ дипломат зэхущытыкIэхэр а кьэралыгъуэм кьызэпиудыну яужь иткъым.

Мы махуэхэм

Шыщхьэ1ум и 9, *махуэку*

■ **Адэжь хэкум ныкъ лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ**

■Японием и Нагасаки кьалэм США-м и кхъухьлъатэм цIыху минхэр зыхьа атом бомбэ 1945 гъэм щридыхащ.

■Кавказым и археолог, археограф иЭрыIуэ **Берже Адольф** 1828 гъэм кьалъхуащ.

■УсакIуэ, радиожурналист **Вындыжь Марие** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэмур:

Пшэ техьэ-гекIыу щытыну, уэшхыкIэ кьешхыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэу градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 20 - 23-рэ щыIэнущ.

Шыщхьэ1ум и 10, *мэрем*

■Канадэм и Онтарие штатым дунейм щыяпэу 1876 гъэм телефон аппарат кьыщагупсысащ.

■ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Нало Ахьмэдхьан** 1921 гъэм кьалъхуащ.

■1929 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Емуз Гъузер**.

■Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Дагъыстэным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ержьб Аслъэн** кьыщалъхуа махуэщ (1930 гъэ).

■Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мыэзуц Борис** 1940 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкIэмур:

Пшэ телъынущ, уэшх кьешхынущ. Махуэм хуабэу градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыIэнущ.

Пщыгэр зыгъэхьэзырар **ХЪЭТАУ Исламиц.**

Лъэпкъ Iуэщ1агъ:

Хейм гыбзэр хуэлъашэщи, зыгъэшым хуэбатэщ.

Пенсионерхэр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм хагъахъуэ

2013 гъэм пенсионерыр псэун папщIэ нэхъ мащ1э дыдэу зыхуейр сом 5.155-м нэсынущ. Абы теухуа «Пенсэм хуэщIагъу социальнэ ахъшэр зыхуэдизыр яубзыхун папщIэ 2013 гъэм пенсионерыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуи папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр гъэувыным и Іуэхуитэ зэконпроектыр щыдаIыгъащ КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIа эзэIущIэм. А документым ипкъ иткIэ дызэрыт ильэсым ельытауэ пенсионерхэр псэун папщIэ нэхъ мащ1э дыдэу зыхуейр гъэ кьакIуэ процентэ 8,3-кIэ нэхъыбэ хъунущ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, псэун папщIэ нэхъ мащ1э дыдэу зыхуейм хуэдиз (сом 4760-рэ) зи пенсэр мыхьу, ильэспI Iумыт пенсионеру 25,429-м дыдэрыт ильэсым ику иту мазэ кьэс хущIагъу сом 900-м нэблагъэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Шынагъуэ пылъэкъым

Шыщхьэ1ум и 6-м сихьэт 12-м МВД-м кьыIэрыхьащ Налшык кьалэ администрацэм и унэм щэч чэзыгъэщIу полиэтIлен пакет кьызэрэпадгъэуэтэм теухуа хьыбар. Къущу щыIэм кIуащ взрывотехникхэр, кинологхэр зыщIыгъу следствэ гупыр.

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык кьалэмкIэ и управленэм и полицэм и унафэщI Геграев Марат зэрыжиIамкIэ, ар зыгуэрым кьигъэна пхъэнкIийуэ кьыщIэкIащ. «Апхуэдэу щытми, террор шынагъуэр иджыри щыщыIэ мы зэманым цIыхуэхэм я сакьыныгъэмрэ набдзэгубзаплъэгъэмрэ папщIэ фIыщIэ яхудощI», - кьыхигъэщащ абы.

Къэрал кIуэщI ІуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Іэнатl э.

Ди къуэш республикэхэм

Зыпльыхьакlуэхэм къахохьуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм зыгъэпсэхуакIуэ, зыпльыхьакIуэ къакIуэхэм къахохьуэ зэпытщ. Экспертхэм къыдэзрыхьагъэщIащ, абы и щхьэусыгъуэр турызмым лъагъэм зэрызыщIужьыщ.***

МЫ ГЪЭМ и яп3 мазихым республикэм зыщагъэпсэхуащ щIыхь мин 80-м. Нэгъабэ ельытауэ процент 13-кIэ хэхъуащ Адыгеим къакIуэ туристхэмрэ зыпльыхьакIуэхэмрэ.

Къэхъуэныгъэхэм кьызэрагъэпльэгъуамкIэ, Адыгеим къакIуэ туристхэм я Іыхьэфl эр Ростов областым, Краснодар, Ставрополь крайхэм щыпсэуэжьащ. Іьахэм и щIыуэпсэтельыдэжьм нэхъыбэу дихьэхъэм ящыщщ Мэзкуу къыкI туристхэр. Лъэсу зыпльыхьыныр куэдым яфIэфIщ икIи бгыхъэм щхьэпрыкIыу тенджыз Іуфэм кIуэныр зыхалъхьэ щыIэкъым.

Хуэдитlкlэ егъэбагъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и властхэм мы гъэм хуэдитIкIэ нэхъыбэ ящащ жылагъуэхэм заужьыным хуауэ тIыщщ мылькур.***

КЪУАЖЭХЭМ я социальнэ зыужьыныгъэм теуха программэм ипкъ иткIэ сом мелуани 168-рэ хухахащ. Ар нэхъыбэу трагъэкIуэдэнущ фельдшер-акушер пунктхэр хуэунэм, кьуаажэ 14-м газ ешэжьным. Сом мелуан 47-рэ хухахьнущ цIыхуэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным.

Илъэс 19 лъэхъуэщым щIигъэкIуэнущ

Республикэм и Суд Нэхъыщхьэр Ислам институтым и ректор, КъШР-мрэ Ставрополь краймрэ я Муэфтыеиэм дин Іуэхущ1апIэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Бостанов Исмэхьил 2009 гъэм зэраукIам теухуа уголовнэ Іуэхум хэпльэн, хуэфащэ унафэ кьыщтащ.

А щIэпсЪаджагъэ хьэлъэр зи Іэдакъэщ1экI республикэм и Къэрэшей районым и хэхакIуэ комиссэм хэту щыта илъэс 32-рэ зи ныбжь Гандаев Салават илъэс 19 трапъхьащ. Ар къуаншэу къалъытащ КъШР-м и муфтийр зэриукIамкIэ, Бостановым и къуэм и узыншагъэм сэкъат хьэлъэ зэрыритамкIэ, кьищынэмыщIауэ, хабзэншагъэкIэ Іэщэ зэрыризэригъакIуэм кьыхэкIыу.

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, 2009 гъэм фокIадэм и 20-м, муслъымэнхэм я Пэщ1ыкIыж махуэшхуэм, Усть-Джегута къалэм дэт мэжджытым и къуэр щIыгъуу кьыкIыж Бостановым и автомашинэм Іэщэкl э теуауэ щытащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хуэмурэ къыдокIуэтей

Ищенкэ Натальерэ Ромашинэ Светланэрэ

Аргуэру дыщэ медалищ, дыжьыну зы, жэзнтI Лондон щекIуэкI Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм я епщыкIуэнэ махуэм кьыщахьри, Урысей Федерацэм и спортсменхэр гуп зэпеуэм и етхуанэ ивыпIэм нэс щыдэкIуэтеящ.

ЧЕМПИОН щырыщ къытхуэзыхьа Олимпиадэм и иужьрей махуитIми ди къэралыр япэ иригъэщащ апхуэдэ екъуалIэныгъэхэр зимыIа Франджым, Италием, Германием, Къэзахстаным. Жыжьэжькъым дыщэ медалитIкIэ фIэкIа ди япэ имытыж Корее Ипщэри. Абы щыгъуэми фIэщщIыгъуейщ Китайр (дыщэ медаль 34-рэ), США-р (30), Великобританиер (22-рэ) къэнэжа махуитхум Урысей Федерацэм къызэринэкIыфину.

ЕпщыкIуэнэ махуэм ди къэралым щыщу Олимп чемпион хъуэхэщ нэхъ лъагэ дыдэу дэлъея **Ухов Иван**, псым Іэзэу хэльа **Захаров Илья**, зэдэууэ псым щесахэм ефIэкIа, илъэсипIи и пэкIи щыIа Олимп Джэгухэм щытекIуа **Ищенкэ Натальерэ Ромашинэ Светланэрэ.**

Дыжьын медальр Іэрыхьащ ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ-Аланием икIа **Тотров Рустам.** Ар зыхэта альдж-урым бэнэкIэмкIэ зэхъэзэхуэм килограмм 96-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм осетин щIалэр къыщагъэувыIэфар финалыращ. Тотровыр кIэух зэIущIэм къыщыхигъащIэри, дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ Ираным икIа Резаеи. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, илъэсипIи и пэкIэ Пекин щекIуэкIа Олимпиадэм а хьэлъагъ дыдэм ди лъэпкъэгъу Хъущт Асльэнбэч чемпион щыхъуауэ щытащ. Ар ХХХ Олимп Джэгухэм кIуэнухэм щIахэмыхуар зыкъом щIауэ ягъуэта фэбжьым зэригъэпIейтащ. Апхуэдэу щыт пэтми, Хъущтыр иджыпсту Лондон щыIэщ, и ныбжьагъу бэнакIуэхэр диныгъуу, икIи адэкIэ и Іуэхур зэрызыхунум теухуауэ къыщеупщIкIэ, псоми яритыж зы жэуапщ: «Япэ щIыкIэ зызэтхьуужьыщи, итIанэ депльынщ».

Ди лъахэгъу Матиенкэ (Левченкэ) Аннэ зыхэт Урысей Федерацэм волейболымкIэ и цIыхубз командэ къыхэхар медальнщэу къэнащ. Финалым и Іыхьэ плАнэм ди хьыджэбзхэр 2:3-уэ къыщыхагъэщIащ Бразилием икIахэм.

ТЕМЫР Дисанэ.

XXX Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм къыщахьа медалхэр
(шыщхьэIум и 8-м ирихьэлIэу)

	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1.	Китай	34	21	18	73
2.	США	30	19	21	70
3.	Великобритание	22	13	13	48
4.	Корее Ипщэ	12	5	6	23
5.	Урысей Федерацэ	10	18	20	48
6.	Франджы	8	9	11	28
7.	Италие	7	6	4	17
8.	Германие	6	14	7	27
9.	Къэзахстан	6	0	1	7
10.	Голландие	5	3	6	14

●Бахьсэн куей

ПсыкIэ къызэрагъэпэщ

«Бахьсэнводоканалым» муниципальнэ Іэнатlэм иджы хуэдэу дунейм и хуабэгъуэм мыбэлэрыгъыу и кьалэныр кьрехьэлIэ.

КЪАЛЭДЭСХЭМ яхурикьуу псы зэфэнур яIэрыхьэн папщIэ мыбы кубометр мини 3-м тещыхьа псы хьуманIэ кьыщыгэлуах. Апхуэдэу яутIыпщынущ зы сихьэтым хуэдэу псы кубометри 130-рэ къэзыт псы кьыщIэшыпIэу 2.

Иджы хуэдэ гъэмахуэ лъэхъэнэм мы кьалэм и хьэблэхэм псыр зэпэубыда щыхъуи къэхуащ, дэнэ щIыпIи хуэдэу, хадэхэкIэхэм уэру зэрыщIагъэльадэм кьыхэкIыу. Аущ абы къикIыркъым щIыхум хуауэтIыпщ псыр ягъэмащIэу. Кьапщтэмэ, зы жэщ-махуэм хуэдэу кьалэдэсхэм яIэрохьэ псы кьабзэу кубометр 300. Ар хабзэм кьапэщылъым нэхърэ литр 50-кIэ нэхъыбэщ. Псыгъуэ кубометр мини 5 кьыщIэзыш псы хьуманIэр гъэлэжьэным зы жэщ-махуэм сом мин 60-м нэблагъэ токIуадэ.

Сыт хуэдэ гугъуехьхэм «Бахьсэнводоканалыр» Іууами, цIыхуэр арэзы зэрищIыным хущIэкъунущ икIи мэгугъэхэр, иужьрей ухуэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, псым и Іуэхур кьалэм тэмэму зэтеубла щыхьуну. Иджыпсту Іэнатlэм и лэжьакIуэхэм щIадзауэ бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыр: псы хуабэр, щIыIэр зрикуэ бжьамийхэм, котелхэм я щытыкIэр кьапщытэ, ныкъусаныгъэхэр пасэу зэрагъэзэкIужьыным хуэдэу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Гу зыльытапхъэ

Іуатхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыща Іуэхуэхэр зэраджьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуаззмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Джэрпэджэж

Аргуэру къэзакъхэр къапэщІигъэувэу ара?

Краснодар крайм и къэзакъ дружинэхэр къапэувынущ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я щыхуэу а щыналъэм Іэпхъуэхэм. Ар крайм и МВД-м и колегием идаы дыдэ щыкІащ Кубаным и губернатор Ткачев Александр. А къулыкъущІэр нэхъапэм мыхъо-мытІэу къеуват апхуэдэ гъэбакъуэм и жэрдэмщІакІуэу. Ауэ иджыщ и гуращхэр къехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу кьыщиІуэтар.

ТКАЧЕВ жиІащ и гъэнэгуэ Ставрополь крайм иС урыс-жэр гъэнэгуэ республикэхэм кьнкІыу къаахэтІысхьэхэм гугъу ираГьэхьу. «Дэ депІэщІэкІыН хуейщ: сэ си гугъащ Кавказымрэ Ставропольем зэпэІэщІэ ищІыу. Идыкъ соГьагъу апхуэдэу зэрыщымытыжыр. ДяпэкІэ ахэр кьыздэкІуэнур ди джащ-, - яжриІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм хабзэхъуэмэхэм.

Губернаторым и гугъу ищІащ Юрославиев кьыщыхъуам: Косовэ щІыналъэм албанкэр нэхъыбэ щыхъущ (мыбдеж Чехиеч сербхэмрэ хорватхэмрэ щызэхэнгъэгъуэщащ). Арщхьэкі э кьыхихгъэщхьэхуІащ кавказ пъэпкъымрэ славянхэмрэ бжыгъэкІэ зэрызыхъущытым зебгъэхъуэж мыхъуну.

Полицэм и дзжькаІуэхэм я унафэм щІэту кьазакъ дружинэхэм Краснодар крайм и щІыналъэхэр ирикІуэнкІэ зэрыхъунур.

Дружинэм хэтынухэм кьазакъ фащэ ящыгъынущ, ауэ сэшхуэ яІыгъынукъым.

Кьазакъ дружинэхэр кьызэпэщІыныным текІуэуа унафэ край парламентым 2012 гъэм и бадзэуэгъуэм кьыщтащ. Абыхэм хэтхэр хуитщ хабзэм ебакъуэхэр полицэм ящэну, ноГу зыщрагъэужь Іуэхущ Іапхэр кьапщытэну.

Псыжь кьазакъыдзэр коммерцэу щымыт зэгухьэнырыгъэ, абы хэтхэм кьалэн зыщащІыж къэралым кьулыкъу хуащІэну, погонхэр зэрахьэ хъунущ. МВД-м кьыщыхагъэщхьэхуКІащ кьазакъ дружинэхэр кьызэрагъэпэщыныкІэ хуитныныгъэр Урысей кьазакъэм кьуралым кьулыкъу хуащІэным и Іуэхукіэ» федеральнэ закону 2005 гъэм кьащтам кьызэрыщыгъэлъэпъуэр.

Мис апхуэдэу екІуэкІащ зэІуцІэр. Дэ абы щыщыдгъужьмк хуейуэ кьыдопытэ.

Ди гъунэгъу Краснодар крайм щача лъэбакъуэм тельыдмэ куэд хэтыщ. ІпэраУэ, абы кавказ лъэпкъхэмрэ кьазакъхэмрэ зэхечгъэщхьэхуКІ. «ЩІыналъэм хабзэр щыгъэткІиинымкьынкІыр кавказ лъэпкъхэм ящыщхэр абы ямыгъэкІуэнырщ. Гу лъомытэуи кьэнэнукъым зи гугъу тщІы унафэр крайм и парламентым бадзэуэгъуэм кьыщтэнырщ. Сирием зауэ кьызэрыщыхъеІрэ, адыгэ Іуэхур дунейпсо утыку хъуащ. Абы кьыхъэІыу, хуей-хуэмейми, кьыкьуоКІ адыгэхэм я адэжь хэкум кьагъэзэжькьынырщ. МащІэ-мащІэурэ икІи хуэм ыдзэрэ. Лъэщ Іыгъуэрэныкъэрэпэнщ щекІуэкІахэм щыгъуазэхэм щэч кьыгъахьэжыркъым зэлымыгъэкІэ зи лъахэм ирахуауэ щытахэм кьыззэрагъэзэжьынрэ. ЗэрыжаіэжымкІэ, абы зэи зыри кьыгъежакъым. Арщхьэкіэ кьыІуэтэжкъым егъэеенныгъэ гъэрхэр хэлъынкІэ зэрыхъунур дощІэри, щыхьэт кьэтщІынщ абы теуХуауэ а зэманым ятхахэр.

1946 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м кьыдэкІа «Кабардинская правда» газетым кьытридзаа тхыгъэм щыщ пычыгъуэ зыпІуэ:

«Мы гъэм и щыгъажэгъуэ зэманыр гъэщІэгъуэныщэ хъуащ. Иджы зиІэ дыдэу Москва и инподромым щагъэунэхуащ ди кьэралым щагъэхьу щы лъэпкъ псори.

Си адэм кІудэрэ кьыізжкІэжт Сталиным и гум зэрыщІыхьар «Кьадым» зэрыщымыІэжыр. «Кьадым, Кьадым! Сыгу ильэрэкъэхэ? Ибжэ кьыпхуэмысакъэрэ?!» жиІауэ яІуэтэжт. Си адэм щІэх-щІэхыуэрэ кьытригъэзэжьырт а щым теухуа хъыбарым. ГъэщІэгъуэныращи, ар дыдэр жаІуэ зэхэсхырт абы и кІуэрэгъу-жэрэгъу лІыжьхэмэ (балигъ ныкьуэхьу ныбжьым ит сэркІэ ахуэр псори лІыжьт).

А ЗЭМАНЫМ си дежкІэ Нарт эпосым кІэрыщІэ нэхъ лъапІэ зыри щыІэтэхъыми, ар зэпымыууэ си Іэпэгъуэт. Абы хэт ильэс уардэхэм я зэфІэкІыр сфІэтельыджэт. Абыхэм сыщегупсыскІэ, си нэгу кьыщІыхьэр зи хьыбарыр яхуэмыух «Кьадым»...

Сыкьыдэжкъуэхэри; дауи, Іуэхум нэгъуэщІу сепІъ хъуащ, пэжыр кьэсщІащ, ауэ зэи сымыльэгъуа а щым хуэдэ щытыкІэм зыкІи зихъуэжа-кьым: ар ящыщагъэнущ зэрыщІэрэ адыгэм кьыгъэхъуа апхуэдэ лъэпкъым и нэхъыфІ дыдэхэм. Апхуэдэу сыщегупсыскІри ныжжесІэнщ.

...Зэрыпхъуакъуэхэр ди лъахэм ирахужа иужь, Бахьсэн районым 1944 гъэм кьыхагъэкІри, Куба кІуэр кьызэрагъэзащІ. Мис абы щыщ «Куба Ипщэ» колхозым и шыхъуэ Дышэкі Алий гу льитащ мы щыщІэ цыкІур хуабжьу зэрыжьыджэрым. И тепІъэжь бэлыхьтэкъым, арщхьэкІэ гъэщІэгъэныщІуэ псынщІэу зричырт. Зи гъащІэ псор шы гъэхъуным тезыхуэм и дежкІэ ар тыгъэ лъапІэ дыдэт. АратИ, итыжьсу щІидзащ, ди адэжьхэм кьагъэсэбэпу щыта Іэмалхэм тету. Си жагъуэ зэрызыхуащ, сэ я Іэмалхэм сыщыгуазэхьым.

Кьадым и хъыбарыр псынщІэу Къэбэрдейм щыІэлъыІсащ. Шыр гугъуехь гуэри хэмылъу кьащытежэ щІыпІэ щыІэжаІ псоми.

Кьуажэ колхозым и унафэщІу ильэс куэдкІэ ехьуІэныгъэ хэлъу лэжьа Уэзы Николай (псэужькъым, Тхьэм ахьрэт нэху кьрит) кьызжиІэжауэ щытащ:

- Сэ сысабиящ абы щыгъуэ, ауэ сощІэж зауэ ящужьым гуфІэгъуэ гуэрым ерэзыщІыІа щыгъажэщхуэ ди гъунэгъу Марьинскэ станицэм щыІауэ зэрыщытар. Ди кьуажэм щыщхэри ирагъэблагъат абы. АтІэ си нэкІэ слъэгъащ кьекІуэкІыгъуэщ хуэ щыгъажэм адрейхэр зы кьекІуэкІыгъуэ ящэ кьриИнэу «Кьадым» кьатежауэ зэрыщытар. ЯфІэтельыдджэтэ, кьызыхуэсахэм ар зэрагъэщІэгъуэнур ящІэрэтэхьм...

Абы ищхькІэ, а щымрэ ар зыгъэсамрэ Налшык инподромым ирагъэблэгъащ. Дышэкіыр абы лэжьакІуэ, и гъэсэныр щыгъажэм кІуащ. Мыгувэ Алий и цІэр гаГьэщащ Кьадымым - а зэманым щым и цІэм зыгъэсам ейри пагъэувэ хабзэт - «Алий-Кьадым».

Балькьыпс кьэуатым ефам къыгъэщІэхъуакъым зыри: зыгъэсэри утыкум ящышажэри. ЗэрыжаіэжымкІэ, абы зэи зыри кьытежакъым. АрщхьэкІэ кьыІуэтэжкъым егъэеенныгъэ гъэрхэр хэлъынкІэ зэрыхъунур дощІэри, щыхьэт кьэтщІынщ абы теуХуауэ а зэманым ятхахэр.

1946 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м кьыдэкІа «Кабардинская правда» газетым кьытридзаа тхыгъэм щыщ пычыгъуэ зыпІуэ:

«Мы гъэм и щыгъажэгъуэ зэманыр гъэщІэгъуэныщэ хъуащ. Иджы зиІэ дыдэу Москва и инподромым щагъэунэхуащ ди кьэралым щагъэхьу щы лъэпкъ псори.

Си адэм кІудэрэ кьыізжкІэжт Сталиным и гум зэрыщІыхьар «Кьадым» зэрыщымыІэжыр. «Кьадым, Кьадым! Сыгу ильэрэкъэхэ? Ибжэ кьыпхуэмысакъэрэ?!» жиІауэ яІуэтэжт. Си адэм щІэх-щІэхыуэрэ кьытригъэзэжьырт а щым теухуа хъыбарым. ГъэщІэгъуэныращи, ар дыдэр жаІуэ зэхэсхырт абы и кІуэрэгъу-жэрэгъу лІыжьхэмэ (балигъ ныкьуэхьу ныбжьым ит сэркІэ ахуэр псори лІыжьт).

А ЗЭМАНЫМ си дежкІэ Нарт эпосым кІэрыщІэ нэхъ лъапІэ зыри щыІэтэхъыми, ар зэпымыууэ си Іэпэгъуэт. Абы хэт ильэс уардэхэм я зэфІэкІыр сфІэтельыдджэт. Абыхэм сыщегупсыскІэ, си нэгу кьыщІыхьэр зи хьыбарыр яхуэмыух «Кьадым»...

Сыкьыдэжкъуэхэри; дауи, Іуэхум нэгъуэщІу сепІъ хъуащ, пэжыр кьэсщІащ, ауэ зэи сымыльэгъуа а щым хуэдэ щытыкІэм зыкІи зихъуэжакьым: ар ящыщагъэнущ зэрыщІэрэ адыгэм кьыгъэхъуа апхуэдэ лъэпкъым и нэхъыфІ дыдэхэм. Апхуэдэу сыщегупсыскІри ныжжесІэнщ.

...Зэрыпхъуакъуэхэр ди лъахэм ирахужа иужь, Бахьсэн районым 1944 гъэм кьыхагъэкІри, Куба кІуэр кьызэрагъэзащІ. Мис абы щыщ «Куба Ипщэ» колхозым и шыхъуэ Дышэкі Алий гу льитащ мы щыщІэ цыкІур хуабжьу зэрыжьыджэрым. И тепІъэжь бэлыхьтэкъым, арщхьэкІэ гъэщІэгъэныщІуэ псынщІэу зричырт. Зи гъащІэ псор шы гъэхъуным тезыхуэм и дежкІэ ар тыгъэ лъапІэ дыдэт. АратИ, итыжьсу щІидзащ, ди адэжьхэм кьагъэсэбэпу щыта Іэмалхэм тету. Си жагъуэ зэрызыхуащ, сэ я Іэмалхэм сыщыгуазэхьым.

Кьадым и хъыбарыр псынщІэу Къэбэрдейм щыІэлъыІсащ. Шыр гугъуехь гуэри хэмылъу кьащытежэ щІыпІэ щыІэжаІ псоми.

Кьуажэ колхозым и унафэщІу ильэс куэдкІэ ехьуІэныгъэ хэлъу лэжьа Уэзы Николай (псэужькъым, Тхьэм ахьрэт нэху кьрит) кьызжиІэжауэ щытащ:

- Сэ сысабиящ абы щыгъуэ, ауэ сощІэж зауэ ящужьым гуфІэгъуэ гуэрым ерэзыщІыІа щыгъажэщхуэ ди гъунэгъу Марьинскэ станицэм щыІауэ зэрыщытар. Ди кьуажэм щыщхэри ирагъэблэгъат абы. АтІэ си нэкІэ слъэгъащ кьекІуэкІыгъуэщ хуэ щыгъажэм адрейхэр зы кьекІуэкІыгъуэ ящэ кьриИнэу «Кьадым» кьатежауэ зэрыщытар. ЯфІэтельыдджэтэ, кьызыхуэсахэм ар зэрагъэщІэгъуэнур ящІэрэтэхьм...

Абы ищхькІэ, а щымрэ ар зыгъэсамрэ Налшык инподромым ирагъэблэгъащ. Дышэкіыр абы лэжьакІуэ, и гъэсэныр щыгъажэм кІуащ. Мыгувэ Алий и цІэр гаГьэщащ Кьадымым - а зэманым щым и цІэм зыгъэсам ейри пагъэувэ хабзэт - «Алий-Кьадым».

Балькьыпс кьэуатым ефам къыгъэщІэхъуакъым зыри: зыгъэсэри утыкум ящышажэри. ЗэрыжаіэжымкІэ, абы зэи зыри кьытежакъым. АрщхьэкІэ кьыІуэтэжкъым егъэеенныгъэ гъэрхэр хэлъынкІэ зэрыхъунур дощІэри, щыхьэт кьэтщІынщ абы теуХуауэ а зэманым ятхахэр.

1946 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м кьыдэкІа «Кабардинская правда» газетым кьытридзаа тхыгъэм щыщ пычыгъуэ зыпІуэ:

«Мы гъэм и щыгъажэгъуэ зэманыр гъэщІэгъуэныщэ хъуащ. Иджы зиІэ дыдэу Москва и инподромым щагъэунэхуащ ди кьэралым щагъэхьу щы лъэпкъ псори.

Адыгэш лъэпкъым и чемпион

● Жыжьэ - гъунэгъу

Кьыэдагъэжащ «ахалтекин» хьыжьэхэр, «дончак» зыкьыдэхьхэр адыгэш бэшэчэр, «кьарэбаир» жыджэрхэр, «локайцхэр», урысышхэр, урыс-американыш уардэхэр.

Кьэбэрдеим и колхозхэмрэ шы заводхэмрэ Москва ирагъэщащ нэхьыфІ дыдэхэр. Абыхэм яхэтащ Налшык районым хьыкъэ «Огонёк»-рэ, Куба районым щыщ «Куба Ипщэ» колхозым и «Задор»-р, Дзэлыкъо куейм Сталиным и цІэр зэрихьу щыІэ колхозым «Славный зи цІэ и щыр».

Тхыгъэр зэпыдгъэхуащ, жытІэнщ, а зэманым щэрыІуэ хъуами, адыгэшхэм я пщІэр лъагэу зэрыщымытар. Пэжщ, Лермонтов Михаил тетхыхащ, езы Будденнэр зытесар адыгэ ауэ яІуэтэж. Ау я итІани я бэшэчагькІэ фІэкІа я жэрагькІэ абыхэм я пщІэр интэжьым.

Пыдощэж пычыгъуэм:

«Адыгэш кьабэзэхэр гъэунэхуныгъэхэм фІы дыдэу хуигъэхьэзырат шы завод №94-м и тренер Никитин. Инподромым щызэхуэсахэр зэдзэуэрт. Куэдым кьалытэрт «ахалтекинхэр» кьатежьыну. ЖыджэрагькІэ абыхэм кьатекІуэну зыхуагъэфащэр инджылызыІэрт. Зыкъомым зытрагъэшІэр ахэр зэрыбэшэчырт. Адыгэшхэм щыгъуэ щІэрыгъуэ ящІэрт.

Арщхьэкіэ щыгъажэм зэрыщІидзэу зытрамыпІыа кьэхъуащ.

Ятэ кьыІуэдзэжьэгъуэм, хьэгъэхэм ящІэрт. Уегупсыс зэрыхьунмкІэ, кьызэхуэсахэм ящэ яфІэтельыджэхэтэжьым адыгэшхэр псоми зэрефІэкІыр. Ахэр ешат абыхэм я гупым, хагъэзаІ рыІуэрэгъуэщІи, абыхэм яхэтащ СССР-м Іэщ гъэхъуныкІэ и министрым шы гъэхъуныкІэ и къудзэ, Совет Союзым и Маршал Буденный Семен. Абы и псальэхэр нэхъ щІэгъэщхъуащ: «Километр 250-рэ зи кІыхьагъ щыгъажэхъуІкІыхьыр дзгъэуэу эпэчащ Къэбэрдей АССР-м щыщ Куба районым Сталиным и цІэр зэрихьэу щыІэ колхозым («Куба Ипщэ» колхозу щІыщымытым и щхьэусыгъуэр тщІэркъым - Ш. М.) ящ «Алий-Кьадым». Зыхуэгъэдзэн щымыІэ а щыр псом я кІэрри, дакьикъэ 20-кІэ ипподромым итащ, адрейхэм ятэпІэлъэу кьэнэнукІ-никІуКІыу («Шы гъэхъуным теухуауэ» тхьылъ, Москва, 1946).

Кьалащхьэм щекІуэкІауэ зи гугъу тщІы зэпэуэхэр и кІуэхьу щытащ метр минитІкІэ кьыІуэдзэжьыр.

«Алий-Кьадым» тынц щІэуэ ятекІуащ - ар адрейхэм метр 200-кІэ (!) ящхьэпрыкІащ.

Къэбэрдей АССР-м гъэунэхуныгъэхэм игъэкІуа шыхэм СССР-хэм я Союзым Іэщ гъэхъуныкІэ и министерствэм и апэ саугъэтыр кьыхуагъэфащащ, «Алий-Кьадым» хакІуэр адыгэш лъэпкъым и чемпион кьалытащ.

Ди жагъуэ эзрыхьунщи, апхуэдэ ехьуІэныгъэ инхэмкІэ дащытхъуфІыкъым ищыкІ ирыгей адыгэшхэм. ТфІэтельыджэр нэгъэущІи: апхуэдэ текІуэныгъэшхуэхэр кьыщахьа 1946 гъэрщ ялъхэр эхъагъыхьэу инджылыз-адыгэ шы лъэпкъ къэгъэхьуным и Іуэхур кьыщалэтар! Ятэ щыкІэ ягуГащ хьэрыпшхэм ялъ кьыхсагъэхьэну, арщхьэкІэ кьытеувЫащ инджылыз дахащэм. А лъэбакъуэр псынщІэу ячакъым, ди ипподромым инджылызадыгэш лъэпкъым фІэкІа кьихьэу щымыпІагъэжым псоми кьагъуІуащ ди ятэ итахэм. Сикьыдэжу яхьэумэу кьэгъуэгурыкІуа адыгэш кьабзэр шынагъэ ин зэрыхэхуар, зэбгъэзыхьмэ, кІуэдыжьпэнкІэ зэрыхъунур.

Ар ткІийуэ зэрыхъуамэ, псальэм папщІэ, щыхьэт тохьуэ XIX лІэщІыгъуэм псэуа нэмыщ ефджагъэшхуэ-естественод Кох Карл и псальэхэр: «Псом хуэмыдэу фІыуэ ильагъут ящхэр, щэрджэсхэр пщІэмрэ щыхьыпмрэ яхуэзышІэ я ныбжьагъу пэжхэр. Хьэрыпхэм хуэдэу, щэрджэсхэми я шы лъэпкъым и кьабзагъэм эпэмыууэ я нэІэ тетщ, ядэхэнукъым абы нэгъуэщІ лъэпкъым иль хэлъадэу».

АтІэ хэт а хабзэм ебэкъуэну зигу кьэкІар?!

Иджы фыщыізгъэгъуэзэнщ Москва лІыгъэшхуэ (нэгъэущІ псальэ кьыскъуэгъэгъатрыкъым) щыізэхьыхьэм ныжькІэ я кьекІуэкІыкІам. И кІэн кьикІащ нартандэхэм я «Фаран». ЗэфІэкІ ин кьэзыгъэльэгъуэ а шы уардэр тыгъэхуащІащ генералиссимус Сталиным. И дахагъкІэ абы пэмыхьу (жыгІэнщи, адыгэшхэр я тепІъэкІэ зыкьизыхтэкъым, арагъэнщ зэхагъэльадэу инджылызІ-адыгэш лъэпкъ кьагъэхьным щхьэусыгъэу хуэхьуащ зэрыщІэкІащ: «Алий-Кьадым» и лъахэм кьиГьэзэжащ икІи зейм иратыжащ. Мис ар щыуГэшхуэу кьыщІэкІащ: налкъутым хуэгъуэу сакъыу зэрахьэным и пІэкІэ, шыбэ гуартэм хъуутІыщІащ. Кьущхьэхуу щыІэу жьыщхуэу щІэту кьэхьея уэс бозэным игъэщта щыхэр зэрехьэжащ щыхуІпІэм хуэхуІуэу. Ахэр кьыІэзгригъэувІэным хущІэкьуу щыхупІэм и дежкІэ кьащІэтэуа хакІуэр щы гужьеяжэм еІыхэм я гъуэгу кІуэ кІуум зыдрахьэхащ...

Апхуэдэу гъаузу и гъащІэр ихуащ «Алий-Кьадым». Зэрыжаіэмкіэ, зыпІэ икІи зыгъэса Дышэкі Алий. ПщІэрэ щыхьэрэ иІэу ар ильэс куэдкІэ щылэжащ ди республикэ ипподромым, нэгъэущІ куэрыи я «гъащІэкІуэу» щытащ, ауэ езым зихьэмэжьфахьым: шымыІэсэм тесу и лъакъуэр лъэрыгъым инэри иукІащ. Апхуэдэу кьыІуэтэж нэхьыкьэм.

... Сталиным и гугъу пщІымэ, зэрыгурыІуэгъуэщ, абы ящІэхагъэнукъым «Алий-Кьадым» дунейм тетами темытами. (Шыр фІыщІэу зэрагъэлъагъэм щхьэкІэ Сталиным и цІэм ирапхыу арагъэнут). ИщІамэ, икІи и жагъуэ хьуамэ, дауи, дзэрагъэкъэтІ, кьуанщхэр щІыж щыщ ищІыжьыр. ГуфІэгъуэ пэжыр кьыпхуэтІэщІыжьынукъым, ди япэ итахэм я зегъэхьыбарар щыхъусыгъуэ гурэхэмкІэ кьежьами.

ХамІуэ гъуэгуэдзкъм кьыщыщІар зи жагъуэ хэуар хэт жыпІэмэ, ар Буденнэрщ. Маршалым Къэбэрдейм кьиГьэкІуащ абы и кІуэдыкІар зэхэзыхьажьмкІэ. Щыпх и гъунэгъу-хэм щыщ Москва яІэу лабораторэм щрагъэпІупІэну я мурадащ. АрщхьэкІэ кьуэ кІу задэм ехьафакъым.

Мис апхуэдэ гъащІэ щыщІэ мащІэр ихуащ Москварэ ди республикэмрэ я щыгъэкапІэхэр зыгъэбжьыфІэу щыта «Алий-Кьадым»...

ШАЛ Мухьэмэд.

● Унафэщіэр

ТекІрэ хьэмэрэ трагъэкІрэ?

Осетие Ищхъэрэ-Аланиемк и парламентым и унафэщІ Хабицевэ Ларисэ жиІащ депутату афІэкІэ зэрызыхримыгъэхынур.

ОСЕТИЕ Ищхъэрэ-Аланиеи парламент хэхьныгъэхэр мы гъэм жэпуэгъуэ мазэм щекІуэкІынущ. Спикерым ыкІи лъыІэ зэманым Іуэхуэм и гупсысэкІи зыдыдзегъэкІуф цІыхуэхэр депутату хэхьн хуейуэ. Абы щІигьужащ:

- Осетиен парламентым зи ныбжькІэ щІалэ, жэрдэм зыхэлъ лэжьакІуэхэр имыІэу хъунукъым.

ПсомкІэ къагурыІуащ Хабицевэ Ларисэ и дежкІэ а лъэбакъуэр тыншу зэрыщымытар. Нэрылъагъут ар зэрыпІейтейр. Пэжщ, зиІыгьыфащ. КьыхихгъэбелджылыкІащ езыр нэхъыжьу щысу бжьыхьэм парламент зэІущІэ зыбжанэ зэрекІуэкІынур. АрщхьэкІэ и гугъу ищІакъым кьыхуагъэзыгъэуэ кьурлыкъум.

Хабицевэ Ларисэ иІэсиблкІэ - 2005 гъэм кьыщыщІадзау - парламентым и унафэщІ лэжьащ, ипэІуэкІэ ильэсихкІэ спикерым и кьуэдзэу щытауэ. ЗэрыжаІэмкІэ, и псалъэ пхигъэкІыфу щытащ. Пэжщ, депутат цІыхухъуэм кьалъытэрт бгырыс цІыхубзыр апхуэдэу ткІийуэ щытын хуэмейуэ.

ЛАЦОЕВ Мурат,
«Российская газета».

● Сирие

Ижь зэманым дуней псом щІэгъэщхъуауэ щытопсэлъыхь Сирием егъэщІылІа Іуэхуэхэм. НаІуэ зэрыщытщ, абы лъэщу щыізэпэщІэуващ президент Асад Башар и бзыгуГэтхэмрэ ар тезыдзыну зыкъэзыІэтахэмрэ. Хэбгъэзыхьмэ, Катарым и премьер-министр шейх Хамад Бен Джасем Аль Тани жиІащ ежьыну. Ау ар ящІэрэ Асад Башаррэ абы и унагъуэмрэ шынагъэнэщу Сирием и цІыналъэм икІынымкІэ щэсыпІэ иувэну зэрыхьэзырыр. АрщхьэкІэ ижькъеІм и мураду кьыщІэкІ и кьулыкъум текІынуну.

Суэрэтым: Асадхэ я унагъуэм щыщхэр - щысхэщ: президенту щыта Асад аль Хафезэ абы и цхъэгъусэ Анисэрэ. Щытхэщ: я кьуэхэу (сэмэгумкІэ кьыщыщІэдзауэ) Махер, Башар, Басель, Маджид, япхуэ Бушра. *1980 гъэм трахащ.*

● Къэралхэр

Элладэр хэзыгъащІэ гугъуехьхэр

Ильэситі льандзрэ экономикэ гугъуехьхэм пащІэ ядыджхэм я бзаГэ нэхъыщхьэр - сыт кьэхъуам, фІым щыгугъу зэрыщытар - яфІэкІуэдащ. Иджы зыпІэ и фІэщ хъуркъым я псэукІэр ефІэкІуэкІыну, къэралым кьытехуэ щІыхуэр хуэпщыныкъыныр. Сыт хуэдэ дерс Урысейм абы къыхихын хуейр?

- МЫ СЭЛАТЫМКІЭ уэзгъэлъагъунщ Алыджкір зыпІытІа кризисыр зыхуэдэр, - жиІэ Селоник Іэмэжьжьыр ЗыпІэ щыІэ Киевлидис Грегриос. - Мыбы хэлъыр дэ тщы фетэ кьхуеифІракъым, атІэ болгар брынзэ пудырщ. Помидорхэр - Албанием, бжьыныр, шыжьийр - Румынием, дагъэр - Испаниием хэращащ. Дыдейуэ хэлъыр зейтэн (оливэ - Ш. М.) зыбжанэрщ. Аращи, алыджк сэлатыр - алыджкжьхъым. Дэ зыри кьэдгъэкІыжжьыным, кьщІэдгъэкІыным - аращ гугъуехь псор кьызыхэкІыр. Евросоюзым лъэкІ кьиГэнакъым Алыджкым и экономикэр «ишхыным» теухуауэ.

ЦІыхухэр тэмакъкІэщІ хъущ

ЗИ ПАЩІЭР тхъуа Грегориос ЕС-р ьым иреГъхэ, я нэхъ псалъэ дыджхэри къемэщІэкІыу. Абы кьызэрилытэмкІэ, евробюрократхэращ Алыджкір зыгъэунэхъуар. «Ахэр мыуІэтэу мотхэуэкъ алыджхэм я зэранкІэ еврэр кІуэдыжьынкІэ хъуну жаІэу. ИрекІуэдыж, си абы щхьэкІэ сыгузавэркъым».

ЕС-м и экономикэм абсурдым и театрыр уигу къеГэкІ: псалъэм папщІэ, алыджк мэхъумэзыщІэхэм кІуэд щІауэ ахъшэ ират, абыхэм... зы хадэхкІ лІэужьыгъуэ хамысэн щхьэкІэ! Фэ фи хадэхкІэхэр нэхъ лъапІэщ, Нидерландхэм ейр нэхъ пудщи, абы кьыщытщэхунущ! Теплищэхэм физрастеворым (щы кьагъэсэбэпкъым) хэту кьыщагъэкІ, Іэфіи-фІэІуи зыщІэмылъ «пластик» помидорхэр, дауи, нэхъ пудщ. Алыджкэм зэрыжаІэмкІэ, ЕС-м Алыджкір и «пхъэнкІий» удзыпІэ ищІащ, зэрыхуэмыпшынывжьыр ищІэ пэтрэ кредит зэпымыву кьритащ. «Туризмым зэвгъэужь, хъэщІэщхэр фщІы, - кьажриІэрт Брюссель. - Фэ тенджызь, дыгъэ фиІэщ, сыт иджыри фыкхуейр?

ЦІыхухэм кьэду зыщагъэпсэху зэманым сэ гугъу лъэпкъ сыдемыхьу хьэщІэщ сыщІэтІысхьэфащ. Уасэхэр нэхъ пудщ: европей туристхэр кьикІуэжкъым. Алыджкім кьыщІихьу зэрызехьэхэм ягъэшынагъ.

-Ику ит улахэу ят еврэ 1000-р зы ильэсым кьриубыдэу 600-м нэс кьехащ. Сабий садхэм ахъшэ бгтын хуей хуэдэ: мазэм еврэ 400, ещанэ сабийм щхьэкІэ пособие ятыжкъым, - жиІэ адвокат Медилис Пепи. - Абы щыгъэмки, газымрэ светымрэ щІэтын тыкъэзыгъэуащ. ЦІыхухэм яхуэзэфІэкІыжкъым, тэмакъкІэщІ хъущ. Куэдым банкхэм кьраІыхэ щІыхуэр япшынывэм, фотэр уасэ ятын ядэркъым. Полицейхэм апхуэдэхэм ящыщу я унэм кьыщІагъэкІыу екІуэлаІэнэшэу кьэнахэр щІыху мин 30-м нэсщ. Фелпьыт, ягъэм хабзэм щІэз хуэзыщІу псэуахэм, лэжьахэм ящыщу узрамхэм кьыдэнахэм. Си пщІыхьэпІи кьыхэхуэнтэкъым дэ апхуэдэ кьытщыщІыну!

Алыдж бзылъхугъуэ псоми хуэдэу, Пепи тІэкІу егъэлеІуэ мэпсалъэ, ауэ жиІэм пэж куэд хэлъщ. Салоник и телевидеэм сызэрыкІуа таксим итІысхьэпщІэу счетчикым зы еврэрэ цент 19-рэ кьытридзащ, зы илъэс и пэкІэ зы еврэу щытащ ар. Бензин литрыр ди ахъшэкІэ сом 70 и уасэщ, абы иджыри хэхъуну жаІэ. ТВ-м и унафэщІ Стангос Филиос щэч кьытрихьэрэкъым я Іуэхур нэхъ Іей зэрыхьунур. «Тхьэр хэлъэн кьикІуэрэ кьыддэІэпыкъунущ, ауэ Іей щхьэ кьызэзрыбгъэпщІэж гъэрэм гугъуепсу ущысфынущ, ауэ Алыджкім зэкІыпІэ кьыхэзнакъым. Дэ щыхуІпІэм дыщхьэщыщту, улахуэр иджырэ зэ ягъащІэмэ, уэрамхэр мафІэ лыгъейм зэщІищтэнущ, Самали и махуэр кьытхуэкІуэнущ».

...Салоник егъэлеІуэу хуабэщ - градус 40 щыІэщ. Кафехэм «фрэдо» кофе щІыІэ щыізыфхэр кьэдщ. Зы гъэсэныгъэ еврэу 5 и уасэщ, ауэ сыт ящІэн! «Нэхъ къулейсыз дыдэхэми кофе уасэ яІэн хуейщ, армыхьыжэ, зыми угурІуэнукъым», - жиІэ Іэшх Супоницкая Наталье - ди хэкуГуэгъу Алыджкім Іэпхъуахэм я зэрыщымытыжьыр и унафэщІыр.

Емысфыр - итхьэлэнущ

НАТАЛЬЕ и гугъу кьыскъуэщІ щІалэгъуалэм и процент 50-р лэжьапІэнишэу кьызэрынам, уеблэмэ Іэнэзэхъэ, такси Іэнатіэ зэрамыгъэуэтыжьыкІ. ЖИ и Консультэтэ Салоник щыІэм Урысейм кьэзыгъэзэжьыну хуей алыджхэм я лъэІу тхьылъу щІэлъыр щэ бжьыгъэкІэм нэсащ. Аизэ 1991 гъэм СССР-м икІауэ щытахэрщ, иджы ди къэралым и щІыхь хъужьыну хуейуэ къолъаІуэ. Кризисым и гугъу здищІым, Наталье псомкІи игъэкъуанщэр ЦРУ-щ (алыдж сызэпсэлъэхэми ЦРУ «тэсымщІэращ» я гугъуехьхэр зытралъхьэр).

- Фыкъакіуэ зыгъэпсэхуакіуэ! Фи къуэш Алыджкір кьевгъэл, - жиІэ Наталье.

- Бизэ кьыздэхъункІэ гугъущ, - пыздэзыж ерэр.

Сэ жысІамкІэ арэзыщ Салоник и мэр Бутарис Яниос. «Урыс ахъшэм дыщыщІэхъуэпсакІэ, визэр зы махуэм зэрэдкІыу щытын хуейщ. Ди жагъуэ зэррыхъунщи, дэ куэд жьІтІэу, ауэ Іуэху пыухыкІа кьыкІэлъымыкІуэу аращ дыззрыщытыр. Политикхэр щыГэм ИСУ кьэхуэхуэ Грэкъым кьаджжьым хуэдэщ». Мэрым кьызэрилытэмкІэ, Ельцин и тетыГъуэм Урысейр зэрыщытам ещхьыщ иджырей Алыджкір. Ди экономикэр уІуэхэр СССР-м и ныбжьэгъуэ Къэрэсей нэхъыбэ ейт. ЦІыухэр есат, зыгуэр кьэхъуащ, къэралыр кьаззрыдэІэпыкъунум. Иджы къэралыр хым и мурадыр кьыщыхуташ, плотным тесу. Аращи, емысыфыр - итхьэлэнущ. Ар алыджхэм ящІыщ кьэдым кьагурыІуэкъым».

ЦІыхухэм ІэпхъуакІэ, камэ къэрал хьэпшыпхэмрэ ерыскъымрэ пуду зэрагъэтым игъэбэлэрыгъэ, лэжьапІэ ныбжьым итым пенсэм кІуаитІ хуэзэу щыхъуа Алыджкім и экономикэр фактыуэ я къуэйуэ лъэпкъащ. ЛэжьапІэ яГуэтыкъым, улахуэмрэ пенсэмрэ хагъэщІ.

Иджы дерсхэм теуухуауэ. «2025 гъэм Урысейм зэхуэдиз щыІэнущ ІаватхэкІэ пенсэм щыІэнущ. Ахъшэ диІэ щІыкІэ, реформэхэр ягъэкІуэжкІын хуейт, алыджкэр зыхэхуа гугъуехьхэм защытхъунущ пащІэ. ЩІыдагъэмрэ газымрэ дащыгугъ хъунукъым мы дунейм псынщІэ дыдау зехъуэж.

ЗОТОВ Георгий.
«Аргументы и факты».

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.